



## Katumbiri

# Heri Herdini S.Sen., M.Hum Lulus Doktor Sajakar FIB Unpad

Sidang Promosi Doktor Ilmu Sajakar Fakultas Ilmu Budaya Unpad anu lumangsung poé Senén nu kaliwat di lanté 3 Gedung Pascasarjana Unpad, Jalan Dipati-ukur 35 Bandung, geus nétélakeun yén Heri Herdini S.Sen., M.Hum lulus jadi Doktor Élmu Sajakar. Éta Dosén STSI carogéna 'Elis Rosliani S.Sen téh lulus "Sangat Memuaskan(Cum-Laude)" sanggeus bisa mer-tahankeun disertasina "Karya Ino-vatif Tokoh-Tokoh Karawitan Sunda di Kota Bandung 1920-2008", di payuneun Tim Oopen Ahli: Prof. Iyus Rusliana, S.St., Dr. Mumuh Muhsin Zakaria M.Hum, Dr. Reiza Dienaputra, M.Hum, Prof. Dr. Da-dang Suganda, M.Hum., jeung Prof.Dr. Syarif Hidayat, M.Hum.

Heri Herdini anu dipromotoran ku Prof.Dr. Nina Herlina Lubis M.S, Prof.Dr. Sobana Hardjasaputra, jeung Prof.Drs. Jakob Sumardjo téh mangrupa Doktor sajakar anu katu-juh anu diparajian ku Profésor Nina Lubis saparakanca. Saméméhna geus lulus Cum Laude: Mumuh Muhsin Z (ti Unpad), Dr. Alamsyah (Undip), Dr. Sri Ana Handayani (Universitas Negeri Jember), Dr. Wilaela (Universitas Syarif Kasim Riau), Dr. Een Herdini (STSI Bandung), jeung Dr.Widyo Nugrahanto (Unpad).

Dina disertasina Heri ngaguar hubungan kekaryaana para inohong karawitan Sunda mimiti ti mangsa Rd.Machjar Angga Koesoemadinata, Koko Koswara, Nano S, nepi ka Gugum Gumbira anu aya tungtu-runanana (benang merah), tapi saba-da ti eta, utamana dina karya-karya karawitan Ubun Kubarsyah, Ismet Ruhimat jeung H.M. Yusuf Wira-diredja, atra aya béda garapan jeung gramatikana. "Benang merah"-na pegat sanggeus mucunghul éta tilu komposér ieu, teu nyoko deui kana



Dr. Heri Herdini meunang pangwilujeng ti promotorna (Asép GP)

kaélmuan karawitan Sunda, tapi leuwih ngadopsi tiori/gaya musik Kulon. Hiji réalitas anu teu bisa di-singkahan lantaran situasi jeung kaayaan sosial, ékonomi, pulitik, jeung budaya masarakat Bandung geus béda jeung mangsa baheula!

Sabada diistréna, ieu Doktor kalahiran Sumedang 24 Oktober 1966 anu gelar ti pasangan Ibu Rowati jeung Pa Dadang Purnaman (Suargi) téh balaka ka sugri anu hadir, jucingna sakola ngahontal gelar Doktor éstu ku kanyaah jeung rojongan kulawarga, utamana ibu-ramana anu tisuksuk ti dungdung nyiar waragad keur sakola anakna, carek paribasa ngabléan teu barang tuang asal budakna teu ngalaman sangsara sarta bisa panggih jeung bagja dina mangsa kahareupna.

"Sim kuring éstu kacida nganuhun-keunana ka pun biang sareng pun

bapa, hirup-hurip abdi aya dina dampal sampéan aranjeunna," pokna, bari carinakdak.

Heri gé ngedalkeun panuhunna ka para promotorna, utamana ka Prof.Nina anu taya reureuhna ngageuing jeung ngingetan sangkan ieu bapana Ajeng Pangestri, Mukti Makuta Wibawa, jeung Wulan Barokah téh geura-geura ngaréngs-keun disertasina. Ogé ka ka Prof. Sobana, anu kalayan imeut geus nuyun tulisan jeung struktur tu-lisanana, sarta ka Prof. Jakob dina hal éstetika, tur ka dulur-dulur ti kampus STSI anu harita rawuh ngarojong jeung ngabobotohan, di antarana Enip Sukanda, Dodi Hermawan, Dedi Zitermania, Lili Sofarli, Endah Irawan, Lilis, jeung réa-réa deui.\*\*\*

Asép GP